**Ассаламу гІалайкум!**

# АХИХЪАН

№ 36 (7280)
1сентябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Къурбан гІидалъул къогун!

ХІурматиял бусурбаби, Унсоколо районалъул жамагІат!

«Унсоколо район» МОялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъ баркула нужеда тІаде щвараб баракатаб Къурбан гІидалъул байрам!

Гъаб рохалилаб къоялъ цІакъго гвангъун бихьула исламияб диналъул бацІцІалъи, рухІияб бечелъи, нилъер гІемермиллатазул халкъазул тарихалъулги культураялъулги магІнаги кІварги.

Биччанте исламалъул рахІмуялъул бечелъаби рукІине гІадамазул рекІелъ иман щулалъизабулеблъун, цоцалъ гъункизарулеблъун, халкъазда гьоркьоб рекъел цІунулеблъун.

Гъаб рохалилаб байрамалъ гьарула киналго бусурбабазе чорхое сахлъи, талихІ! Биччанте нужер лъикІал мурадал ва хьулал гІумроялде рахъине!

**ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетІер**
**ГІиса НУРМУХІАМАДОВ.**

## Районалде-хІалтІулаб сапаргун



28 августалда хІалтІулаб сапаргун районалде вачІун вукІана Дагъистан Республикаялъул правительствалъул председателасул зам., экономикиябгун территориалияб цебетІеялъул Министр Раюдин Юсуфов.

ХІалтІулаб программаялде гьоркьобе унаан Унсоколо росулъе щвей, росулъ балеб бугеб спортивияб комплексалъул хал гьаби ва живго бакІалде щун, росулъ бугеб кьо ва нух тІун араб бакІалда гьабулеб бугеб хІалтІухъ балагьи. Гьединго программаялда рукІана школал ралел ругел Балахьуни ва ХъахІабросулъе щвей. Сапаралда гьевгун цадахъ рукІана ХІинкъи гьечІолъиялъул Советалъул Секретарь Абулмуслим Абулмуслимов, муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, районалъул Собраниялъул председатель К. Асадулаев, администрациялъул отделазул начальникал, росабазул бутІрул ва цогидалги.

Райадминистрациялъул конференц-залалда букІана гьезул районалъул активалъул ва школазул директорзабазулгун дандчІвайги.

Министрас дандчІваялда загьир гьабуна спортивияб комплекс баялъул иналдаса рази вугин ва рагІи кьуна хадубккунги гІарцудалъун кумек гьабизе, амма министрас тІалаб гьабуна комплекс бан рагІалде бахьинабизе кколин бихьизабураб заманалда,-абун. Гьес разилъи загьир гьабуна районалда бюджет тІубай лъикІаб хІалалда цебетІолеб букІиналдаса. Гьединго бихьизабуна доходалъул бутІа тІубазабиги чара гьечІого хІажат бугин.

ДандчІваялда росабазул бутІруз бицана гьарурал хІалтІабазул ва гьаризесел хІалтІабазе ругел квал-квалазул хІакъалъулъ, кьуна гьесие суалал. Бищун цІикІкІун суалал рукІана лъедалъун хьезариялда хурхун. Раюдин Юсуфовас рагІи кьуна киналго суалазул хал гьабизе бугин ва гьел тІуразари халат ,ахьине гьечІин.

«Район буго лъикІаб, ралел руго бакІал. Мисалалъе, гьале спорткомплекс. Нижеда лъала суалал рукІин, дагь-дагьккун гьелги нилъеца лъугІизарила»,-ян абуна министрас.

Жиндирго кІалъаялда Абулмуслим Абулмуслимовас тІадчІей гьабуна районалда хІинкъи гьечІолъи букІинаби хасаб бербалагьиялда гьоркь букІине ккеялда. Хасго гьеб тІаде ккола лъай кьеялъул организациязда.

«Нилъер ихтияр гьечІо загІиплъизе. Дица гьедин абулеб буго районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальникасда, районалъул бетІерасда, росабазул бутІрузда. Хасаб бербалагьиялда гьоркь букІине ккола школазда бугеб хІал. Разе бегьула чІахІиял школал, амма гьеб гуро аслияб мурад, мурад буго школазда кьолеб лъай, гьелъул качество борхизаби, кин учительзаби хІалтІулел ругелали хал гьаби»,-ян абуна гьес.

Муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас ракІ-ракІалъулаб баркала кьуна Раюдин Юсуфовасе ва Абулмуслим Абулмуслимовасе районалде кІвар буссинабуралъухъ ва бихьизабуна хьул гьабулин хадурккунги ругел гІунгутІаби лъугІизариялъе нужедасан кумек щвеялде,-абун.

Лъай кьей

# ТІобитІана учительзабазул августалъулаб совещание





29 августалда Шамильхъала поселокалъул Россиялъул халкъазул традиционнияб культураялъул Цент-ралъул залалда тІобитІана щибаб санайил тІобитІулеб лъай кьеялъул хІалтІухъабазул совещание. Гьелъул тема букІана: «Унсоколо районалъул лъай кьеялъул системаялда ккарал хІасилал ва масъалаби»,-абураб.

Совещаниялда гІахьаллъи гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас, бетІерасул замал М. ХІасановалъ, М. ХІамзатовас, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаевас, лъай цебетІезабиялъул институталъул ректорасул ишал тІуралев М. ХІажидадаевас, Дагъистан республикаялъул Буйнакск ва Унсоколо районазул потребителазул ихтиярал цІуниялъул отделалъул нач. З. Авкаевалъ, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухІамадгІалиевас, районалъул администрациялъул жавабиял гІадамаз, лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулез, школазда цебесеб лъай кьеялъул, тІадеги лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулез ва цогидазги.

Совещание рагьана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас. Жиндирго кІалъаялда гьес абуна: «Учитель – гьев ккола жиндирго гІакъиллъиялъ, рекІел лъикІлъиялъ, гьваридаб лъаялъ цІалдохъабазул жанисеб дунял рагьизе, гьеб бечед гьабизе, букІинеселде ракІчІей куцазе бажарулев чи, букІуна замана учителасул лъималазе эбел-эмен хисизе, гьезда нахъа рахъун чІезе ккарабги.

Учителасда, гьесул профессионалияб ва гІаданлъиялъулаб качествалда бараб букІуна гІемерисеб мехалда цІалдохъабазул къисмат, нилъер ВатІаналъул метерисеб къо. Нуж ккола нилъер улкаялъул лъай кьеялъул системаялъул бечелъи. Нужер бажариялъ, нужерго ишалде бугеб рокьиялъ рагьула ва гІумроялде бахьинабула лъималазул бажари. Нужеца кумек гьабула васазегун ясазе жидерго хадусеб гІумроялде гали тІамизе, гьезда битІараб нух бихьизабизе. Нилъерго лъай кьеялъул системаялда ругел лъикІал рахьалги цІунулаго нужеца гьиравялда малъула гьезда лъай кьеялда кколел ругел цІилъаби»,-ян лъугІизабуна гьес жиндирго кІалъай.

Хадув кІалъазе вахьана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник Л. МухІамадгІалиев. Докладалда гьес аслияб куцалда тІадчІей гьабуна 2016-2017 цІалул сонада ккарал хІасилазда, цІияб цІалул сонала цере чІарал масъалабазда.

Гьединго докладгун кІалъазе рахьана Дагъистана лъул лъай кьей цебетІезабиялъул институталъул ректорасул ишал тІуралев М. ХІажидадаев, ХъахІабросдал СОШалъул директор М. ГІисалаев, Дагъистан республикаялъул Буйнакск ва Унсоколо районазул потребителазул ихтиярал цІуниялъул отделалъул нач. З. Авкаева, Шамилхъала поселокалъул СОШалъул директорасул зам. А. МухІамадгІалиев, Унсоколо бугеб СДЮТЭялъул педагог-организатор З. МухІамаева, ЦІатІанихь рос-дал № 12 ясли-ахалъул заведующая М. ХІусейнова ва цогидалги.

Гьединго совещаниялда букІана районалъул лъай кьеялъул лъикІал педагогал ва коллективал кІодо гьариги. ХІалтІулъ ратІа рахьаразе кьуна ХІурматалъулал грамотабиги.

Унсоколо № 2 школалъул директор А. ГъазимухІамадовасе кьуна «За заслуги перед районом» медаль. Баркула гьесда тІадегІанаб шапакъат!

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 36 (7180)*
*1 сентябрь 2017 сон*



**Цо нухалда учителас мугIалимзабазе тIадкъай кьуна рохьоса цIулги босун рачIине. Киналго мугIалимзаби рачIана цIулал магьалги цIун, Шамилица цIул бачIинчIо. Щай чIового вуссарав?-абураб суалалъе Шамилица жаваб кьуна: «Учитель – жакъа буго рузман къо, дида рохь батана Аллагьасе гIибадат гьабулеб, гьединлъидал кIвечIо гьениса цIул къотIизе. Метер дун кIиго магьги цIулал босун вачIина»,-абун**



Имам Шамил гьавун - 220 сон

# Имам Шамилил гIелмуялъул нух

Шамилил кIудияв эмен Денга ккола ЦIумада районалъул Гьаквари росулъа ва гIумро гьабизе вачIана Генуве. Гьев вукIана гIадамаз кIудияб къадру гьабулев гIараб гIалимчи. Шамилил эмен Денгал МухIамад вукIана маххул къебед. Гьеб хIалтIи гьабун хьихьулеб букIана гьес хьизан. Щамилил эбел Баху-Меседо ккола ГIашилтIа росулъа.

Анлъго сон барав Шамилида Къуръан цIализе лъана имгIалас малъун. Гьесул тIоцевесев учительлъун вукIана, хадуса Дагъистаналъул тIоцевесев имамлъун тарав ГъазимухIамад. Шамилги ГъазимухIамадги чанго соналъ цIалана Дагъистан тун къватIирехунги машгьурав гIалимчи ГьаракIуниса СагIид Эфендида цере. Хадув I4 соналъ тIатIала Шамил вукIана Рихьуниса ХIажи МухIамадил, Кьудукьа шайих СагIидил, ХIариколо росулъа гIалимчи Лачениласул, ГIахьалчIиса ГIумар (кIиабилесул), Игьалиса СагIидил, ГIашилтIаса ГIабдулагь Дибирил мутIлиблъун. Гьединго Шамил цIалана Унсоколо ва ТIанусив. Амма гьенир гьесул учительзабилъун щал рукIаралали чIезабизе кIвечIо.

Гьелъул цебеги бицун букIана. Дир гьаб макъала хьваялъул аслияб мурад ккола цIалдезе Шамилица имамлъун вахьиналде кинал гIелмаби ва тIахьал лъазарулел рукIаралали баян гьабизе.

Гьале гьел:

I. Мухтасар – бусурбабазул теориялъул тIехь.

2. Тариф- Аль ГIиззи-Аль – ГIиззил гIараб морфологиялъул тIехь.

3. Шарх Аль-ГIиззи – (Аль-ГIиззил баянал), Гьоркьохъеб Азиялъул ГIалимчи.

СагIадулагь Тафтаниясул тIехь.

4. Динкъузи – гIараб мацIалъул морфологиялъул тIехь.

5. Амсилат – морфологиялъул упражнениязи.

6. Миату ГIамил – ГIабдулкъадир Аль-Журжанил тIехь.

7. Ажуррумият – синтаксисталъул тIехь.

8. Вафият – гIарабазул грамматика.

9. Шарх аль-унумузаж – таджикизул гIалимчи Ази Махшарил жалго жидедаго чIун гIараб мацI лъазабизе тIехь.

I0. Азербайджаналъул БардагIи шагьаралдаса Хадаих СагIадулагь БардагIил тIехь.

11. Ал-фаваид Аз «зияляет» (Джами) АхIмад ал-Джамил гIараб мацIалъул тIадегIанаб грамматика.

I2. Тасриф Жалалайни – Къуръаналъе баянал кьеялъул 2 томалъул тIехь.

I3. Анвар Аттанзил – Къуръаналъе баянал кьураб, кверагь хьвараб кIиго том.

I4. ФатхIал-мубин – Ал Гьаймаи ИбнухIажарил тIехь.

I5. ЖамигI ассахIихI – Ал Бухари.

I6. Минхадж ат-Талибин Невавия.

I7. МахIали – (Милхаджалъе баянал кьолеб ункъго томалъул тIехь) МухIаммадун Ал-МахIалица хьвараб.

I8. ИбнухIажар – бусурбабазул правоялъул (законазул) 4 томалъул тIехь.

I9. ШархIул Силкал-гIайни – тIоцебесеб том. Суфизм.

20. Кьавлу АхIмад (АхIмадил рагIи) – философиялъул тIехь.

2I. ШархIу Суллам – логика

22. Диван ад-Мажнун – поэзия ва кучIдул гьариялъул къагIидабазул тIехь.

23. АлхIу лайлатин ва лайлат – («Азаралда цо сордо» тIехь).

24. ШархIу талхис ал-МифхIат – (гIелмуби магIани вал-баян).

25. ГIелмуби – калам (махщалида кIалъаялъул искусствоялъул тIехь).

Жеги гIолохъанго вукIаго Шамил лъугьана тIадегIанаб лъаялъул чилъун ва гьес гIей гьабулароан тIадехун рехсарал тIахьал цIалиялда. Гьесул гIелмабазде бугеб кIудияб рокьи киназего загьираб букIана. Гьев кинабго рахьалъ цеветIурав вукIиналъе нугIлъи гьабула халкъалъ Шамилида имаматалъе нухмалъи гьабизе тIадкъаялъги. РагIа-ракьанде щун гIараб грамматика Шамилида лъалеб букIиналъе нугIлъи гьабула анцI-анцI гьесул кверalъ хьварал кагътаз. (Гьесул жеги печаталда бахьичIеб анцIгоялдасаги цIикIкIун кагъат дир библиотекаялда цIунун буго).

Имам Шамилие цIакъ хирияб букIана жиндирго библтотека. Гьеб кибго ва кидаго гьесда цадахъ букIунаан. Гьесул библиотекаялдаса хасго цIикIкIун тIахьал рилана рагъул заманалда ва Кьерощиса Гъуниве вачIунаго нухда. Россиялде унагоги гьесул аслияб кьайи букIана тIахьал. Гьес кIудияб хIурмат гьабулаан гIалимзабазул, шартIал чIезарулаан диналъул специалистазе, гIадамал сах гьарулезе, (тIабитIазе) историказе ва гь. ц.

Рагъул искусствоялда росарал бергьенлъабазги нугIлъи гьабулеб буго Шамил кигIан лъай бугев чи вукIаравали. Гьелъие мустахIикъаб къимат кьуна гIурусазул генералазги Россиялъул бутIрузги.

ГьабсагIаталдаги гIемеразда лъалеб батизе гьечIо имам Шамилие Генералиссимус цIар кьун букIин, (гьелъул хIакъалъуль хьван буго К. Марксил хIалтIабазуль).

ГIалимчи хIисабалда Шамилие кьун букIана Факъигьасул (бусурбабазул право – законал, гIадатал лъалесул), философасул, мужтагьидасул ва цогидалги цIарал.



Москвалда, Киевалда, Калугаялда вукIаго имам Шамилихъе машгьурав гIараб лъалел гIалимзаби хIисабалда гIемерал бусурбаби жалго рачIунаан ва гьесухъе кагътал хьвалаан. Бусурбабаз гьарулаан гьесда Къуръаналъул сурабазул, ШаргIалъул ва исламалъул цо-цо кучIдузул жидее баян кьеян. Кавказалда, Турциялда, Египеталда, СагIудиязул ГIарабиялда гьесда «Шейх Шамилилан», «Шамил Эфендийилан» абулеб букIана. Гьеб кколан Шамил гIалимчи хIисабалда кIодо гьавилъун.

Гьесулгун бухьен букIана Татарстаналдаса машгьурав просветитель ва динияб гIелму цебетIезабулев чи Шигьабудин Морданилгун. Шамил дандчIвана Алжиралъул Эмир ГIабдулкъадиргун, гьез цоцахъе кагътал хьвалаан. Машгьурав востоковед, профессор Казимбегица ва имамас дагьал гьаричIо гара-чIвариял. Шамил адаб-хIурматгун къабул гьавуна гIелмияб центр Каиралъул университеталда. Маккаялда вукIаго Шамилихъе зияраталъе рачIунел рукIун руго бусурбабазул гIалимзаби, шайихал, мударисал ва зиярачагIи. Гьесул кIудияб адаб-хIурмат гьабуна Маккаялъул бутIрузги.

Гьединав машгьурав вукIана гIалимчи Шамил.

**НУРМУХIАМАДИЛ МухIамад**
**ГьаракIуни росу**

# КIвахI лъаларев инсан



*Жеги бакъуца ракьалде жиндирго хинал чIорал риччан рукIунаро, жиндаго хадуб щула гьабураб нухлул* участкаялде, жиндирго машинагун ва инструментал гун ГIалиев ГIали щвараб мехалда. Гьесда лъикIго бичIчIула жиндаго тIад къараб хIалтIул жавабчилъи, бичIчIула нухазул гIадамазе бугеб кIвар.

ГIалида лъикIго лъала нухазул хIал, кинаб участка ялда кинал гIунгутIаби ратулелали. Масала, цIадал рани кисан нух хун батулебали, лъарал щвани киве гIедегIизе кколевали. БукIуна замана тIабигIаталъул шартIазухъ, багIарараб рии букIаниги, цIорорал хасалил къоял рукIаниги тIубараб сордо-къоялъги нухда хIалтIулев вукIине ккола. Гьединго рарал чваххун цIадаз, щварал лъараз нухазе цIикIкIараб зарал гьабурабги. Амма гьев захIмалъабазукьа хIинкъуларо ва кодоб газа-белгун нухлулазе санагIалъиялъе хIалтIизе кидаго хIадур вукIуна.

Мекъи ккеларо сордо-къоялда жаниб гьес хьулухъ гьабулеб нухдасан аза-азар машина унилан абуниги. Нилъеда бичIчIула гьебгощинаб, бакIабги тIадагьабги техника хьвадулеб трассаялда хIалтIизе ва гIадамаз гIайиб чIваларедухъ нухал чIезаризеги бигьаго букIунареблъи. Нухал кьачIан чIезари гуребги ГIалида тIаде ккола нухда чIварал знакал низамалда чIезаризеги. ГIалида гьеб кинабго хIалтIи тIубазабун бажарулеб буго ва гьев щибаб къоялъ мустахIикълъула аза-азар нухдаса пайда босулезул баркалаялъе ва хинал рагIабазе. Гьелъие гьев мустахIикъавги вуго. Сахлъи ва халатаб гIумро, дуе, гIадамазе гIоло нухде вахьарав, кири цIикIкIараб хIалтIи ракI бацIцIадго тIубазабулев, кIвахI лъаларев инсан!

## *Блогеразулгун дандчIвай*



30 августалда районалъул администрациялда «Цогояб информационнияб централъул» хIаракаталдалъун тIобитIана «Совет блогеров».- абураб совещение.

Совещаниялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал М. ХIасанова, М. ХIамзатов районалъул бетIерасул кумекчагIи Р. ХIайбулаева, М. ХIажиев ва цогидалги. Цогояб информационнияб Централъул рахьалдасан совещаниялда гIахьаллъана Х. ХIайбулаев ва «Голос гор» изданиялъул бетIерай редактор М. Султанова.

Жиндирго кIалъаялда Раисат ХIайбулаевалъ тIадчIей гьабуна блогеразул хIалтIул бугеб кIваралда. «Нижеца кIудияб кIвар кьола нужер хIалтIуде. Нилъеца цадахъ рекъон гьабулеб буго цо хIалтIи. Гьелдехун жавабчилъигун балагьизеги ккола.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№36 (7180)*

3 гъумер

# С а д о в о д

Страница в номере




# С Днем знаний!

Уважаемые жители Унцукульского района!
От имени администрации муниципального района «Унцукульский район», от депутатов районного Собрания и от себя лично примите самые сердечные поздравления с Днем знаний – праздником, который одинаково любят и ждут и дети, и взрослые!

1 сентября – волнующий, светлый праздник радости для первоклассников. День, полный ожидания и надежд для будущих выпускников, долгожданных встреч для всех учащихся. Это день ярких красок праздничных букетов, запахов новых учебников и тетрадей, звонких переливов школьного звонка.

О значении и важности образования в современном мире сегодня не спорят. От того, насколько эрудированной, грамотной и энергичной станет нынешняя молодежь, напрямую зависит будущее страны. Не случайно в ряду первых национальных проектов страны стоит образование.

В деятельности администрации района и депутатов районного Собрания образование всегда было и будет приоритетным направлением. Наши усилия направлены на то, чтобы Унцукульский район и страна в целом получили достойные кадры, способные к созиданию и самосовершенствованию.

По этому непростому, но увлекательному пути рядом со школьниками будут идти их родители и педагоги, люди, талантливые и беззаветно преданные своему делу.

Дорогие учителя, работники сферы образования! Вы выбрали себе трудную профессию. Ваша работа не знает перемен и выходных. Она требует профессионализма, полной эмоциональной отдачи, бесконечного терпения. Каждое достижение ваших учеников – это ваша личная победа. Спасибо вам за непростой и благородный труд, мастерство и верность своему делу, тепло души и доброту ваших сердец.

Дорогие земляки! С новым учебным годом вас! Пусть для каждого, кто учит и учится, он будет наполнен радостью познания, творчества и новых открытий.

Пусть новый учебный год станет годом ярких открытий и больших свершений для каждого педагогического коллектива и учащегося!

Пусть вам во всем сопутствует успех!

**С уважением Глава администрации МР «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# Министерство печати и информации РД объявляет конкурс среди журналистов республики.

Министерство печати и информации Республики Дагестан объявляет о проведении журналистского конкурса среди республиканских средств массовой информации на лучшее освещение вопросов противодействия коррупции. Конкурс, проводится в соответствии с государственной программой Республики Дагестан «О противодействии коррупции в Республике Дагестан на 2017-2018 годы».

Цель Конкурса - формирование системной информационной политики по противодействию коррупции, усиление активности медиасообщества Республики Дагестан по освещению антикоррупционной деятельности органов государственной власти РД, антикоррупционное просвещение населения республики.

Участниками Конкурса могут быть электронные и печатные средства массовой информации Республики Дагестан, а также авторы (авторские коллективы).

К рассмотрению принимаются работы, опубликованные в печати и прошедшие в эфире в 2017 году. Общий объем печатных работ - не менее 1 полосы формата А3, видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на дисках. К материалам на национальных языках должны быть приложены переводы на русском языке в печатном варианте. В качестве одного из критериев оценки работ выступает активное продвижение материалов в социальных сетях. Ссылки на публикации в сети Интернет должны быть приложены к заявке.

Работы оценивает Конкурсная комиссия из представителей Министерства печати и информации РД, Министерства по национальной политике РД, Министерства по делам молодежи РД, других заинтересованных структур.

Итоги конкурса будут проведены до 15 декабря 2017 года и опубликованы в республиканских средствах массовой информации и на сайте Министерства печати и информации РД .

**Для победителей Конкурса учреждаются премии.**
**Для электронных СМИ:**
**первая - 65 тыс. рублей, вторая - 50 тыс. рублей, третья -35 тыс. рублей.**
**Для печатных СМИ:**
**первая - 65 тыс. рублей, вторая - 50 тыс. рублей, третья - 35 тыс. рублей.**

Награды присуждаются за систематическое глубокое и яркое освещение антикоррупционной тематики, профессионализм и оригинальность подачи материалов.

Работы принимаются в срок до 15 ноября 2017 года по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а, Министерство печати и информации РД, 2 этаж, каб.8, отдел по взаимодействию со СМИ, тел.:51 03 54

ГБДД предупреждает

# Будьте осторожны, на дорогах дети!

Большинство трагических случаев происходит на дорогах, сами люди делая ошибки, не думая о последствиях создают аварийные ситуации. Я понимаю, когда на войне, перед лицом вынужденной смерти хочется жить, так хочется жить! А почему сейчас так просто и нелепо расточаем ее, не умеем ценить? Во многом виноваты мы сами.



Правила дорожного движения должны знать все. И изучать их надо серьезнее,чем все школьные предметы. Представьте себе, что вы получили двойку по истории или биологии, вам придется ее исправлять. Оставаться после уроков, учить. А вот двойку по правилам дорожного движения не исправишь. Ведь экзамен по этому предмету проверяется на дороге. Перешел дорогу в неположенном месте или перебежал улицу близко идущим транспортом, вот тебе и двойка. Да с переломами и ушибами, это если повезет. А если нет? Почему же гибнут люди под колесами автотранспорта? Торопясь на работу, в школу, в детский сад перебегают дорогу в любых местах проезжей части, не задумываются, что во-первых, нарушают правила дорожного движения, во-вторых, создают аварийную ситуацию, и, в- третьих , какой пример, они подают своим детям. Видя это, ребенок может точно так же поступить, ведь взрослые это делают. Мне кажется, потому, что они думают только о себе: «Я смогу перебежать… Я быстро… Но не задумываются о последствиях. Цена такого последствия может стать человеческая жизнь. Чтобы этого не случилось, нужно соблюдать определенные правила. На каждого ребенка - отдельное место в автомобиле. Маленькие дети должны передвигаться в специальных детских креслах, а тем детям, которым уже можно передвигаться в автомобиле без кресел должны быть пристегнуты. Все пассажиры, находящиеся в салоне автомобиля, должны пристегнуться. Дорога требует серьезного отношения от всех участников дорожного движения.

Водитель это-человек управляющий транспортным средством. Если водитель всегда за рулем, то он должен никогда не нарушать правила дорожного движения. Люди, которые садятся за руль пьяными, вдвойне опасны. Могут пострадать по их вине совсем невинные люди. Садиться в машину в нетрезвом состоянии не надо, ведь именно из-за этого чаще всего в нашей стране происходят аварии. Правила дорожного движения совершенно несложны, но очень разумны и надежны - их соблюдение может гарантировать пешеходу безопасность. Дело за малым-всегда применять их на практике!

**Р. МУСАВУЗОВ.**
**Нач. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, майор полиции**

# ОПМ «Пешеход»

Обстановка с аварийностью, связанной с пешеходами на территории республики особенно в крупных городах и районах, не стабильная и остается сложной. В целях усиления профилактической работы направленной на снижение количества и тяжести дорожно-транспортных происшествий связанных с наездами на пешеходов на территории района в период с 28 августа по 11 сентября 2017г., будет проводиться оперативно-профилактическая операция «Пешеход». Данное мероприятие будет проводиться сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан. Отделение ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району напоминает о том, что пешеходы также обязаны помнить о дополнительных мерах предосторожности при переходе проезжей части, не игнорировать правила перехода проезжей части. На нерегулируемых пешеходных переходах пешеходы могут выходить на проезжую часть после того, как оценят расстояние до приближающихся транспортных средств, их скорость и убедиться, что переход будет для них безопасен. При переходе дороги вне пешеходного перехода пешеходы, кроме того не должны создавать помех для движения транспортных средств и выходить из-за стоящего транспортного средства или иного препятствия, ограничивающего обзорность, не убедившись в отсутствии приближающихся транспортных средств. В темное время суток необходимо предпринять дополнительные меры предосторожности, оборудовать верхнюю одежду световозвращающими элементами.

Водители соблюдайте скоростной режим! Будьте бдительны! Притормозите при подъезде к пешеходным переходам и к местам массового скопления людей! Если перед пешеходным переходом остановился или замедлил движение другой автомобиль, продолжать движение можно, только убедившись в отсутствии пешеходов, переходящих дорогу.

Лишь совместное соблюдение правил дорожного движения позволит избежать многих несчастных случаев на дороге!



# Поэзиялъул букIон

## БухIи тIагIунареб дир гьитIинаб хIеж



Умумаца тараб къвакIиялъул гIуж
Къокъинищха вацал АхIулгохIалде,
Имамас гьа бараб борхатаб щобде
Щвелищ зияраталъ тIаде рахине.
ТIинкIанани гьаниб дур берзул магIу
МагIна гьелъул буго дур чилъиялъул,
Черх сородани дур гъазаватчагIахъ,
Чорхолъ ияхI букIин гьелъги бицуна.
Барщун курак кунеб капурлъиги тун
Кисиниб чIерги бан босараб алжан,
Ищул лъим гьекъолел чабхьадулалгин
Чвахун араб бица рельарал ганчIал.
Дуца каки чуре гIешдерил лъарахъ
БагIарлъун чвахараб ГIандигIурулъе,
ГIенекке кьурабахъ, рагIила цинги
Цо гIинда лаилагь, цоялда гьура.
Эбел чIван хадубги хахдолеб лъимер –
ХвезегIан хутIила дурги бицадулъ,
Хвалде унез тIаде тIезе биччараб
Мажгиталъул къиса къойил рагIила.
Къеркьохьабаз ккураб къадруялъул си
КъватIазда цIар гьечIо дур бахIарзазул,
БухIи тIагIунареб дир гьитIинаб хIеж,
ХIурулгIинзаби дур, кIочон тун руго.

**МухIамад ГУНАЩЕВ**

## Дида къвал жемун буго

Рельи къанагIат буго
Къварилъи гIемер буго,
ГIажаибаб дир гIумро
ЦIар ахIизе лъалареб.
АлхIамдулиллагь щукру
Щибго камураб гьечIо,
Каранда цо гьитIинаб
РукIел чIобого буго.
Урхьи чIалгIараб буго
ЧIалгIен кIудияб буго,
ЧIорогосел анищаз
Дида къвал жемун буго.
Гьуинго бицунеб дур хабаралъухъ,
Хинал дур квераца магIуги бацIцIун
ГIодуге дир яцин, дуца абизе.
Мун унтун йигищан, къварид йигищан
КъваригIараб щибан, дуца цIехезе,
ЦIоройги, хинлъиги, гьабулеб ишги
Гьеб кинабго дуца дида гьикъизе.
Гьел дур суалазе жавабги гьабун
Жеги цIехолаан мун кин йигей?,-ян,
Киналго яц-вацал, эбел-эменгун
Гьениб лъикI бугищан гьаниялдаса?
Лъала, дир хирияй, хивалал гьарун
Хайир дий гьечIолъи, гьадинго букIин,
Гьари буго цохIо тIаса лъугьа,-ян
Дун сабаблъун ккараб киналдасаго.

## *Кинидахъ пикраби*

Макьу щоларел берал
Щущан арал пикраби,
Кинидахъ гIодойги чIун
Ургъалида йигей дун.
Вай, дир гьитIинаб лъимер
Къисмат щибдай дур бугеб,
Дунялалъул рокьосан
Рохел щибдай дуй щвелеб?
Мун кIудияй гIезегIан
Дун чIаго хутIиладай,
ГIадан дур лъугьинегIан
ГIумро дие бугодай?
Рохеллъун дие къурай
Къер берцинай хIурулгIин,
ХIал кIолесул рахIматаз
ХIалхьун гIорцIизаеги!

### *Гьари буго, дуда, тIаса лъугьаян*

***(Яцалде магIу)***

Дун жакъаги духъе цеего гIадин
Дур телефоналда йиго кIалъалей,
КIудияй, хирияй тIул бикьарай яц
Бегьуларищ дуца кодой босизе.
Дун цIакъ урхьун йигин дур гьаракьалъухъ

## КIалтIа чIун батана

РештIани кIваричIо цIорораб хасел
Хинаб роол бухIи лъугIун бугелъул,
Баниги кIваричIо мугIрузде гIазу
ГIадрадул тIогьол махI тIагIун бугелъул.
ТIерхьаниги щиб бакъ щобазда нахъе
Щоларин тIад руссун дол арал къоял,
Къокьине риччанте гIумрудул санал
Къокьалго рукIанин гьелъул сухьмахьал.
Гьурмада расарал расалабаца
Цебе букIаралъул тараб жо гьечIин,
ЧIегIерал расазде ккараб савуялъ
Сон лъикI букIанищан цIехолеб бугин.
ЦIорол матIуялъуб берцинаб гьумер
Гьанже балагьидал билун ун бугин,
Беразул букIараб чалухаб балай
Чабхил лъарги бачIун чурун ун бугин.
Минут сасиналде, сагIат иналде
Сун батанин гIумро, бер къанщилалде,
Къалъанин ккелалде дунялги рукIкIун
КIалтIе щун батанин чIунтаяб херлъи.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росу**

## *Дир гIагараб росу*

Бакъде керенги къун мугIрул ракьанда
ТIабигIат берцинаб, гьава рекъараб,
ГIаданлъигун вацлъи жиндилъ цIикIкIараб
Жавгьар гIадаб буго, дир ИштIибури.
ГIиял гьан гьуинаб, гьоцIо тIогьолаб
ГIажаибаб тIалъи, тIогьолъ босараб,
Умумуца нилъей ирсалъе тараб
Иманги, вацлъиги, захIмат бокьиги
Наслабаз цоцахъе сайгъат гьабураб
Дир эбелаб ВатIан, дир ИштIибури!
Чабхилъан рецIцIулел цIорорал иццал
Иццазул лълъимазул лъарал чил-чили
Жал тIогьолъ росарал мугIрул сагаби
МугIрузда парпалел къвекIцIумазул тIел
РекIелъ жахIда гьечIеб росдал жамагIат
Дир эбелаб ВатIан, дир ИштIибури!
ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ
КъуркьичIо дур васал, борчана ярагъ.
Жидеде бегараб бакIлъиги баччун
Руччабаца ккуна бихьиназул бакI,
Лъиего кьуличIел, къуркьи лъаларел
Къадру тIадегIанал дир росуцоял!
Дун киве кканиги кив вугониги
Каранзул ракI буго гIагараб росулъ,
Гьаниб дир умумуз нус -нус гIасрабаз
Намусгин яхI цIунун гьабуна гIумро.
Гьобол – гьудуласе кверги гIатIидаб,
Гьазул наслабазул вас дун ватиги
Рохел буго дие гьаб дунялалда
Дир эбелаб ВатIан, дир ИштIибури!

**Рамазан МУХIАМАДОВ**

# Блогеразулгун дандчIвай

Нижее бокьун буго блогеразе администрациялъул рахъалдасан кумек гьабизе. Нужер кумек нижееги кутакалда хIажат буго. Нужер кумекалдалъун районалъул гIадамазда лъала бакIазда кколеб бугеб

БетIерасул кумекчи М. ХIажиевас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна Централъе чара гьеч1ого х1ажат бугин жидерго гьурмаздасан гIадамазда битIараб ахIвал-хIал бицин, районалда кколел ругел ц1илъаби ва ругел гIунгутIаби лъугIизариялъе кумек гьабизе.

Х. Хайрулаевас блогеразда цеве кIалъалаго бихьизабуна щибаб росулъ жидерго официалияб сайт букIине ккелин, гьелъие кумек гьабилиланги



раг1и къуна гьес.

Совещаниялда Централъул нухмалъулезе къуна гIемерал суалал ва гьезие щвана чIванкъотIарал жавабал. К1вар къун бицана блогеразда тIадаб хIалтIул. Гьел ккола:

-щибаб росдал сеталдасан пайда босулезул списокал рахъи,
- соц. сетаздаса ва сайтаздаса пайда босулезе кIвараб кумек гьаби,
-районалъул Цогояб информационнияб Центргун цадахъ рекъон хIалтIи.

## Нужеда рагIун букIаниищ?

### Сигнал кьезе буго

Россиялда буго анкологиялъул диагностикаялъул сигнал кьолеб устройство. Гьелда цIар буго «Биочип». Гьелъ цере рукIарал стандартниял методазда данде ккун гIемерго хехго лъазабула злакачественниял опухолязул хIакъалъулъ баян. Анализатор хIалтIизабизе бегьула полик-



линикаялъул шартIаздаги. Чиясе диагноз лъола цохIо нухалъ врачасухъе аравго. Устройствоялъ сигнал кьун лъазабула унтул диагноз.

### Электронниял бинтал

NASAялъ гьарун руго космосалда ругьнал сах гьарулел электрическиял бинтал. Гьениб гравитация гьечIолъиялъ би лъикI хьвадуларо ва кватIун захIматго гурони ругьнал сахлъуларо. ЦIияб материалалъ



жинцаго лъугьинабула хехго ругьун хIалтIулеб электроэнергия. Гьединал бинтал хIажалъула авлахъалъулал шартIазда лъукъарал солдатазе, операциялдаса хадусеб заманалда ругьнал рухьинеги.

### Кванaзе бегьулеб шиша

ГIемер кватIичIого лъадае, продуктабазе ва цогидазеги хIалтIизарулел пластикаялъул шушби тIубанго аралъулъе ине бегьула. Великобританиялда гьабун буго сверухълъи жиндалъун чорок гьабуларев цIияб упаковка. Гьеб гьорлъан канлъи бихьулеб материал буго кьохIехьолеб, санагIатаб ва гьабун буго ральдал водорослабаздасан. Гьелда тIадеги упаковка кваназе бегьула, ай шиша гьекъон бахьиндал гьебсагIатго кваназе бегьула. Тара нужеца гIодобе реханиги 4-6 анкьидасан жибго биххун уна, гьеб пластиковияб шиша гIадин ракьулъ букъизеги ккоаро.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 31 . 8. 17 г. 14. 20
фактически -16. 500 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.